

TATA PANGIBADAH GKJ KOTAGEDE

===== | Minggu, 16 Agustus 2026 ~ Jam 07.00 (Minggu Biasa/Wulan Kebangsaan) | =====

Pamaosing pawartos pasamuwan

TIMBALAN PANGIBADAH

Prdt.: Pasamuwan ingkang kinasih, sumangga kita sowan Gusti ingkang sampun nguwalaken bangsa Indonesia lan maringaken maneka werni suku, agami, ras lan basa minangka tunggiling bangsa. Gusti Allah nimbali kita minangka bangsa ingkang mahargya maneka warni punika kanthi nilar lampah diskriminatif lan amemangun semangat inklusif supados mawujud bangsa Indonesia ingkang tentrem lan raharja. Pramila kanthi manah kebak raos sokur lan pasrah sumarah dhateng Gusti kita sami sowan ing Ngarsanipun. Mugi Gusti Allah mulang dhateng kita kangge gesang tinarbuka lan kul sinangkul ing salebeting maneka warni rupa panggesangan kita. Sumangga kita purwakani pangibadah enjang punika kanthi ngrepekaken **KPJ 2: 1,2 “Allah Maha Suci”**, kita repekaken kanthi jumeneng.

- 1) Allah Maha suci, kula asung puji ing pangibadah puniki,
Agung kamulyanta, ageng sih Paduka kang nitahken jagad raya.
Pinuji Hyang Widi, kang siyang lan ratri ngreksa lan ngormati.
- 2) Dhuh Allah Makwasa, kanthi trusing driya kawula nlangsani dosa.
Mugi angapunten sarta nucèkaken, temah gesang kula ayam.
Pinuja Sang Rama kang ngutus Sang Putra, jumeneng Pamarta.

VOTUM lan SALAM (*jumeneng*)

Pdt: Pangibadah punika kita sengker kanthi pengaken: Sang Yehuwah ingkang nitahaken langit kaliyan bumi, punika tuing pitulungan kita. Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita lan Gusti Yesus Kristus wonten ing para sedherek sedaya.
Amin

ATUR PAMBUKA (*lenggah*)

Imam: Wonten ing swasana Wulan Kebangsaan 2026 lan mahargya HUT RI kaping 81 kita ngantepaken sesanti nasional “Bhineka Tunggal Ika” ingkang ateges sinosa beda-beda ananging tansah manunggil. Sesanti punika nelakaken bilih bangsa Indonesia madeg kanthi semangat inklusif. Ananging ing jaman samangke nedahaken lunturing tetunggilan kanthi awujud lelampahan intoleransi lan diskriminasi. Kanthi semangat inovatif lan tinarbuka dhateng maneka warni rupa panggesangan, Pasamuwan katimbangan nilaraken zona nyaman, nglawan sikep boten adili kanthi katresnan lan amemangun tetunggilan tanpa mawang suku, agami, utawi kelompok, satemah pasamuwan sangsaya dinamis lan kreatif anggenipun dherek budidaya mujudaken transformasi spiritual lan sosial bangsa Indonesia ingkang tentrem lan raharja.

KIDUNG PAMBUKA

Imam: Sumangga kita puji asmanipun Gusti saking saking **KPJ 360: 1,2,4 “Indonesia Nagri Endah”**

- 1) Indonesia nagri endah, peparinging Yehuwah;
mila kula dongakaken, mrih raharja wah Tentrem
- 2) Allah yeku kang ngayomi bangsa dalah negari;
ing sisah tanapi bingah, mung Pangeran sinembah
- 4) Bangsa nagri Indonesia mugé tansah lestari,
Kalis sing salir bebaya, wit rineksa ing Gusti

PANGAKENING DOSA

Pdt: Sumangga kita tampi angger-angger katresnan saking Gusti kados ingkang sinerat ing **Mateus 22: 37-40**, ingkang makaten:

Paring wangsulane Gusti Yesus: “Sira tresnaa marang Pangeran Allahira kalawan gumolonging atinira, lan gumolonging nyawanira, sarta gumolonging budinira. Yaiku angger-angger kang gedhe lan luhur dhewe. Dene angger-angger kang kapindho kang padha karo iku, yaiku: Sira tresnaa ing sapepadhanira dikaya marang awakira dhewe. Kabeh isining Toret lan kitabe para nabi iku gumantung karo angger-angger loro mau.”

Pasamuwan ingkang kinasih, mboten wonten setunggal kémawon ing antawis kita ingkang saged netepi dhawuh punika kanthi sampurna. Kita langkung asring ngasihi dhiri kita piyambak katimbang ngasihi Gusti lan sesami, pramila mangga kita nélakaken keduwung lan pamratobat kita, kanthi pandonga sacara pribadi.

[Ening sawetawis / pandonga pribadi]

Pdt: Dhuh Gusti, makaten sadaya pangakening dosa-dosa kawula ingkang kawula unjukaken kanthi tulusing manah dhumateng Paduka. Kawula nyadhong sih-kawelasan Paduka. Mugé paring pangaksama. Amin.

KIDUNG PANELANGSA

Imam: Pasamuwan ingkang kinasih, sumangga kita nelangsani dosa-dosa kita, kanthi ngrepekaken kidung panelangsa saking **KPJ 44: 1,2 “Aku Wong Kang Dosa”**

- 1) Aku wong kang dosa, ngungsi maring Gusti,
temahan den sucekna, srana rahe kang suci.

Refr. Sang Kristus Gusti, Panebus yekti.

Nadyan dosaku agung, nging Gusti wus nglebur

- 2) Dhuh Gusti Pamarta, mung kwasa Paduka
ingkang saged ngluwari kawula saking dosa....**Refr...**

PAWARTOS SIH-RAHMAT lan PITEDAH GESANG ENGGAL

- **Pawartos Sih Rahmat → Efesus 2 : 13-15**

Pdt: *“Nanging saiki kowe ana ing Sang Kristus Yesus, kowe kang nalika samana “adoh”, saiki wus dadi “cedhak” marga saka rohe Sang Kristus. Marga iya Panjenengane iku tentrem-rahayu kita, kang wus manunggalake sakaro-karone dadi siji lan kang wus ngrubuhake tembok singgetan, yaiku sesatron, awit Panjenengane wus mbatalake angger-anggering Toret dalasan sakabehing pepakon lan katamtuan-katamtuan, supaya sakaro-karone dadi manungsa anyar siji ana ing panjenengane lan kalawan mangkono iku banjur nganakake tentrem-rahayu.”*

- **Pitedah Gesang Enggal → Efesus 4 : 31-32**

Pdt: *“Sadhengahing rasa serik, brangasan, gampang nepsu, tukar-padu lan panyatur ala buwangen saka ing antaramu, samono uga sadhengahing piala. Nanging kowe dipadha sumanak mungguh ing siji lan sijine, kebak ing sih katresnan lan apura-ingapuraa kayadene Gusti Allah ana ing Sang Kristus iya wus ngapura marang kowe kabeh.”*

KIDUNG KASANGGEMAN (jumeneng)

Imam: Kita tanggapi pawartos sih rahmat lan pitedah gesang enggal saking Gusti punika kanthi ngrepekaken Kidung Kasanggeman saking **KPJ 369: 1,2 “Tetiyang Ingkang Adigang”**. Kita repekaken kanthi jumeneng

- 1) Tetiyang kang adigang mung nyebar panandhang. Wa teknya sami tegel, nindhes mring sanes tyang. Pituwasnya bebendu bramantyaning Gusti.
Nging tyang tresna satuhi, gesang yekti, (2x)
- 2) Tetiyang kang adigang mung nandur sangsara. Remen umuk, gumunggun, ngina mring pepadha. Mesthi ngundhuh antaka, wit adiling Allah.
Nging tyang kang lembah-manah sinung berkah (2x)

PALADOSAN PANGANDIKA (lenggah)

- **Pandonga Eplikese** (nyuwun panuntuning Sang Roh Suci)
- **Pamaosing Kitab Suci**

PS : Waosan Kitab Suci kapethik saking Rahayu ingkang sami mirengaken pangandikanipun Gusti saha sami dipun estokaken. Haleluya!

J : (ngrepekaken) **Haleluya!**

- **Khotbah**
- **Wekdal Ening**

PANDONGA SAFAAT kapungkasan DONGA RAMA KAWULA (kakidungaken)

PISUNGSUNG SOKUR (*dening pradata*)

▪ Dhasar Pisungsung → Jabur 96: 7-9

“He sakehing para suku bangsa, marang Pangeran Yehuwah, iya mung marang Pangeran Yehuwah kamulyan lan karosan iku! Pangeran Yehuwah caosana kamulyaning asmane, nggawaa pisungsung lan sebaa marang ing platarane. Padha sujuda marang Sang Yehuwah kalawan manganggo kasucen, he sawrataning bumi kabeh, gumetera ana ing ngarsane..”

▪ Kidung Pisungsung → KPJ 165: 1,2 “Konjuk Mring Kang Mahaagung”

- 1) Konjuk mring Kang Mahaagung, kula saos pisungsung; cihnaning bingahing manah, wit berkahing Allah; sumengka wah sinengkera, lan temen rineksa, dadya srana munpangati, mrih kamulyaning Gusti.

Kantong pisungsung kaedaraken, kairing instrumen.

*Sasampunipun kantong kaedaraken, **Pasamuwan Tetep Lenggah** lan ngidungaken pada saklajengipun*

- 2) Konjuk Allah Kang Maluhur kawula saos sokur, kebabaring raos urmat wit tansah rinimat, dalah gesang kula mugi kagem déning Gusti, dadya lantaraning berkah tumraha mring tyang kathah..

▪ Pandonga Pisungsung

PANGAKEN PITADOS RASULI (*jumeneng*)

Imam: Pasamuwan kasuwun jumeneng, Sesarengan kaliyan umatipun Gusti ing sadhéngah wekdal lan papan, sumangga kita ngénggalaken kapitadosan kita kanthi ngucapaken Pangaken Pitados Rasuli, ingkang makaten: **Kawula pitados.....**

PANGUTUSAN lan BERKAH

Pdt: Enerna manah panjenengan dhumateng Gusti. Dadosa seksinipun Gusti wonten ing pundi papan, lan panjenengan tampi berkahipun Gusti: Sih rahmatipun Gusti Yesus saha sihipun Gusti Allah tuwin patunggilanipun Sang Roh Suci wonten ing para sedherek sedaya. Amin.

KIDUNG PANUTUP

KPJ 357: 1,2 "Endahing Saduluran"

- 1) Endahing saduluran manut rehing Pangeran, sami dene ngajeni wah mbiyantoni. Nadyan beda agama wah beda golonganya, tunggal rasa, pambekan, pri kamanungsan.

Refr. Kluwung pindhanya, endah ing warna,
nyawiji mbangun urip kang adya, tentrem raharja.

- 2) Rukun ing pitepangan, sumanak ing rembagan; dhemen sung pangapura, nyirik piala; nging samya silih ngalah, mbabarken tresna tansah, nulad ing sihe Allah mring sagung titah**Refr...**